

Family First Health Avi sou Pratik Konfidansyalite – an vigè apati 03/09/2026

AVI SA A DEKRI KIJAN YO KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE W, AK KIJAN OU KA JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SOU SANTE W. NAN KA KOTE LWA ETA A PI LIMITE PASE POLITIK FEDERAL LA SOU LAVI PRIVE, FAMILY FIRST HEALTH AP KONFÒME LI AK LWA ETA A. TANPRI LI ATIK SA A AK ANPIL ATANSYON.

Si ou gen nenpòt kesyon sou Avi sa a, ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite Family First Health nan privacy@FamilyFirstHealth.org.

ANGAJMAN NOU POU PWOTEJE ENFÒMASYON SANTE OU

Tout ekip Family First Health la angaje l pou pwoteje enfòmasyon sante w yo. Tout doktè Family First Health yo, pwofesyonèl ki gen lisans yo, anplwaye, volontè, ak tout estajyè k ap wè epi trete pasyan yo nan yon etablisman Family First Health respekte kondisyon avi sa a. Anplis de sa, ekip Family First Health la ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante youn ak lòt ansanm ak lòt moun pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante, ansanm ak rezon ou otorize, lalwa pèmèt, oswa ki dekri nan avi sa a nan yon lòt fason. Pou jwenn yon lis tout etablisman Family First Health yo ak kote yo ye, tanpri ale sou www.FamilyFirstHealth.org.

KONPRAN ENFÒMASYON SOU SANTE W

Chak fwa ou resevwa tretman nan yon etablisman Family First Health, Family First Health kreye epi konsève yon dosye sou swen ak sèvis ou resevwa yo. Dosye sa a gen ladan l tou enfòmasyon sou sante moun nan ka resevwa nan men lòt founisè ak etablisman medikal ki pa fè pati Family First Health. Tout enfòmasyon yo itilize pou ba ou swen, rele dosye sante ou oswa dosye medikal ou. Dosye sa a gen enfòmasyon ki idantifye ou epi ki gen rapò ak sante ou oswa kondisyon ou, sèvis swen sante ou yo, oswa pèman pou sèvis sa yo.

DWA OU KONSÈNAN ENFÒMASYON SOU SANTE OU

Menmsi dosye sante ou a se pwopriyete prive pwofesyonèl swen sante a oswa etablisman ki te konpile li a, enfòmasyon an se pou ou.

Restriksyon sou Itilizasyon ak Divulgasyon PHI ou a:

Ou ka mande yon restriksyon oswa yon limit sou kèk itilizasyon ak divulgasyon enfòmasyon ou yo pou tretman, pèman, ak operasyon swen sante. Nou pa oblije dakò, men n ap eseye aranje demann rezonab lè sa apwopriye, tankou yon restriksyon sou yon plan swen sante lè ou chwazi pou peye totalman pou sèvis swen sante ki asosye ak yon vizit espesifik.

Aksè ak PHI ou a:

Ou ka fasilman jwenn aksè ak anpil nan PHI ou san frè lè ou itilize pòtal pasyan an. Ou kapab jwenn aksè tou epi resevwa kopi PHI ou lè ou kontakte Family First Health Release of Information. Lalwa federal ak eta a ka aplike pou tretman kopi yo. Vizite www.FamilyFirstHealth.org pou plis enfòmasyon.

Amanman nan PHI ou a:

Ou ka soumèt yon demann pou chanje dosye medikal ou a lè w sèvi ak pòtay pasyan an oswa lè w kontakte biwo konfidansyalite a nan privacy@FamilyFirstHealth.org.

Lis Divulgasyon PHI ou yo:

Ou ka jwenn yon kontrandi sou divulgasyon dosye medikal ou yo Family First Health te fè bay lòt moun oswa antite, dapre lwa ki aplikab la.

Kominikasyon Konfidansyèl:

Ou ka mande pou resevwa kominikasyon konfidansyèl ki gen rapò ak enfòmasyon sante pwoteje ou yo pa lòt mwayen rezonab (tankou imèl an sekirite, faks, oswa lapòs sètifye) oswa lòt kote (apa adrès lakay ou).

Jwenn yon kopi papye avi a:

Ou ka jwenn yon kopi papye avi sa a lè w ap resevwa tretman an. Avi sa a disponib tou sou sit wèb nou an sou www.FamilyFirstHealth.org.

Notifikasyon Vyolasyon:

Si gen yon vyolasyon enfòmasyon sante ou yo, w ap resevwa yon avi alekri pa pita pase 60 jou aprè nou dekouvi vyolasyon an.

Demann pou pa patisipe nan yon Echanj Enfòmasyon sou Sante (HIE)(yo eksplike pi ba a):

Pasyan yo ka refize kèk inisyatif pou pataj elektwonik. N ap fè efò rezonab pou limite pataj enfòmasyon sante pwoteje (PHI) nan pwogram pataj elektwonik pou pasyan ki chwazi pa patisipe. Si ou vle refize patisipe, oswa si ou gen kesyon konsènan HIE yo, tanpri kontakte Biwo Konfidansyalite Family First Health la atravè imèl nan privacy@FamilyFirstHealth.org.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON SANTE PWOTEJE OU KIPABEZWEN OTORIZASYON**Tretman:**

Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou pou ba ou tretman oswa sèvis. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou bay doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan medikal ak klinik, oswa lòt pèsònèl swen sante ki enplike nan swen ou nan Family First Health. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay moun ki pa nan Family First Health ki ka enplike nan kowòdinasyon swen w lan, tankou manm fanmi oswa lòt founisè sèvis swen sante.

Pèman:

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou pou nou ka voye bòdwo pou tretman ak sèvis ou te resevwa nan Family First Health, epi pou nou ka kolekte pèman nan men ou, yon konpayi asirans oswa yon twazyèm pati. Nou kapab tou enfòm plan asirans sante ou sou tretman ou pral resevwa pou jwenn otorizasyon davans oswa pou detèmine si plan ou an ap kouvri tretman an.

Operasyon Swen Sante:

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sante ou pou rezon operasyon pou evalye tretman ak sèvis yo ba ou, oswa pou revize pèfòmans anplwaye yo. Nou ka konbine enfòmasyon medikal sou anpil pasyan Family First Health pou evalye sèvis aktyèl yo, deside ki sèvis adisyonèl Family First Health ta dwe ofri, epi si kèk nouvo tretman yo efikas. Nou kapab pataje enfòmasyon tu bay doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan nan medsin oswa nan klinik, ak lòt anplwaye Family First Health pou rezon revizyon ak aprantisaj.

Asosye biznis:

Nou kapab tou pataje enfòmasyon ak patnè biznis ki bay sèvis anba kontra, tankou kontablite, reprezantasyon legal, tretman reklamasyon, akreditasyon, ak konsiltasyon. Si divilgasyon sa yo fèt, nou ap fè sa selon yon kontra ki asire enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl. Nou ka konbine enfòmasyon medikal nou genyen yo ak enfòmasyon medikal ki soti nan men lòt founisè swen sante pou nou konpare kijan n ap fè epi wè ki kote nou ka amelyore swen ak sèvis nou ofri yo. Nou kapab retire enfòmasyon ki idantifye ou nan seri enfòmasyon medikal sa yo pou lòt moun ka itilize yo pou etidye swen sante ak fason yo bay swen sante san yo pa konnen kiyès pasyan yo ye.

Ranmasaj lajan:

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon limite nan fason sa nesesè pou kontakte ou pou aktivite pou ranmase lajan sou non Family First Health, Fondasyon li yo, ak pwogram charitab. Ou gen dwa chwazi pou pa resevwa kominikasyon pou ranmase lajan. Si nou kontakte ou, kominikasyon ou resevwa yo ap gen enstriksyon sou kijan pou ou dezabòne.

Moun ki enplike nan swen ou oswa nan pèman pou swen ou.

Nou ka pataje enfòmasyon sou ou bay manm fanmi ou, reprezantan pèsònèl ou, zanmi pwòch ou, oswa nenpòt lòt moun ou idantifye. Enfòmasyon medikal sa a ap enpòtan pou patisipasyon moun sa a nan swen ou oswa nan pèman ki gen rapò ak swen ou.

Rechèch:

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ou pou rezon rechèch. Anpil etid rechèch kote enfòmasyon sou sante w yo pral itilize epi divilge ka fèt sèlman ak pèmasyon alekri w

Echanj enfòmasyon sou sante:

Jeneralman, yon HIE se yon òganizasyon kote founisè swen sante nan zòn nan patisipe pou echanje enfòmasyon sou pasyan yo pou fasilite swen sante, evite fè sèvis yo doub (tankou tès) epi diminye posiblite pou gen erè medikal. HIE a pèmèt pataj enfòmasyon sou sante pasyan yo ant founisè swen sante otorize yo (tankou sistèm sante, lopital, kabinè doktè ak laboratwa) ak òganizasyon enfòmasyon sou sante pou rezon Tretman, Pèman ak Operasyon (TPO). HIE a se yon sistèm elektwonik an sekirite ki fèt dapre nòm ki rekonèt nan nivo nasyonal, epi an akò ak lwa federal ak eta ki pwoteje lavi prive ak sekirite enfòmasyon y ap echanje yo. Enfòmasyon sou sante pasyan an ap disponib pou founisè swen sante ki otorize atravè HIE, sof si pasyan an refize patisipe, oswa li “opt-out” lè li ranpli yon Health Information Exchange Patient Opt-Out Form.

Lòt Itilizasyon ak Divulgasyon.

Lalwa ka pèmèt oswa fòse nou fè kèk lòt itilizasyon ak divulgasyon enfòmasyon sante pwoteje (PHI) ou san otorizasyon ou. Dapre kondisyon lalwa presize, nou ka divilge PHI ou:

- pou nenpòt rezon lalwa egzije
- pou aktivite sante piblik, tankou rapò obligatwa sou maladi, blesi, nesans ak lanmò, pou ankèt sante piblik ki obligatwa, epi pou rapòte evenman endezirab oswa pèmèt rapèl pwodui yo
- bay ajans gouvènman yo si nou sispèk abi oswa neglijan sou timoun/granmoun aje. Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w ak ajans gouvènman yo tou si nou kwè ou se yon viktim abi, neglijan oswa vyolans domestik
- bay yon ajans siveyans gouvènman an k ap fè odit, investigasyon, enspeksyon ak fonksyon siveyans ki gen rapò ak sa
- nan ka ijans, tankou pou anpeche yon menas grav epi ki pre rive pou yon moun oswa piblik la
- si yon tribinal oswa yon òdonans administratif, demann pou parèt devan tribinal, oswa demann komunikasyon dokiman
- pou rezon ki fè respekte lalwa, tankou pou ofisye ki fè respekte lalwa yo idantifye oswa lokalize moun yo sispèk, moun ki sove oswa temwen, oswa viktim krim
- pou kowonè, medsen lejis ak direktè ponp finèb
- si sa nesè pou fè aranjman pou don oswa transplantasyon ògàn oswa tisi
- pou aktivite sekirite nasyonal, entelijans, oswa sèvis pwoteksyon
- pou rezon ki gen rapò ak avantaj konpansasyon travayè ou yo

ITILIZASYON AK DIVILGASYON KOTE OTORIZASYON OU NESESÈ

Eksepte pou itilizasyon ak divulgasyon jeneral yo ak sitiyasyon espesyal ki dekri pi wo a, nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon sante pwoteje ou pou okenn lòt rezon sof si ou bay yon otorizasyon alekri. Ou ka revoke yon otorizasyon alekri, sof nan ka kote nou te deja apiye sou li oswa nou te aji sou li.

Dapre lalwa federal, itilizasyon ak divulgasyon sa yo mande yon otorizasyon valab:

Nòt Sikoterapi

- Eksepsyon: Founisè ki te ekri nòt la ka itilize li pou tretman; pou pwogram fòmasyon ki enplike elèv, estajyè oswa founisè epi pou defann aksyon legal oswa lòt pwosedi moun nan etabli kont Family First Health.

Lòt Dosye Sansib

Konfidansyalite dosye tretman sante mantal yo ansanm ak enfòmasyon ki gen rapò ak VIH nou kenbe yo pwoteje espesyalman pa lalwa ak règleman eta ak/oswa federal. Jeneralman, nou pa ka divilge enfòmasyon sa yo sof si ou bay konsantman ou alekri, si yon òdonans tribinal pèmèt divilgasyon an, oswa nan lòt sikonstans limite ak reglemante.

Dosye sou Twoub Itilizasyon Sibstans ak Nòt Konsèy sou Twoub Itilizasyon Sibstans

Pou enfòmasyon espesifik konsènan itilizasyon ak divilgasyon Dosye Twoub Itilizasyon Sibstans ou yo, tanpri gade seksyon ki anba a ki gen tit **Avi sou Pratik sou Konfidansyalite pou Pwogram Family First Health Pati 2 a**.

Maketing

- Eksepsyon: Si komunikasyon an fèt fas-a-fas ant moun nan ak Family First Health; oswa yon kado pwomosyonèl ki gen ti valè Family First Health ofri moun nan

Vann Enfòmasyon Sante Pwoteje (PHI)

Nou p ap vann PHI ou san otorizasyon alekri ou.

Avi sou Pratik Konfidansyalite pou Pwogram Family First Health Pati 2 yo

Si ou resevwa tretman nan Family First Health pou twoub itilizasyon sibstans epi ou enskri nan yon pwogram tretman pou twoub itilizasyon sibstans Family First Health ofri, enfòmasyon sou sante pwogram sa yo kreye pwoteje pa règleman federal ki gouvène Konfidansyalite Dosye Pasyan ki gen Twoub Itilizasyon Sibstans ki nan 42 CFR Part 2 ("Part 2"). Pati 2 a egzije pou Family First Health kenbe dosye ou yo konfidansyèl, pou dekri pratik konfidansyalite nou yo an rapò ak dosye itilizasyon sibstans ou yo, epi pou fè w konnen nenpòt vyolasyon dosye twoub itilizasyon sibstans ou.

Nou ap itilize ak/oswa divilge dosye ou ki gen rapò ak twoub itilizasyon sibstans yo selon Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a epi nou p ap itilize oswa divilge dosye ou pou okenn lòt rezon ki pa dekri nan Avi sa a san konsantman ekri ou.

Jeneralman, antanke pasyan nan yon pwogram pou pwoblèm abi sibstans, Family First Health ka sèlman itilize oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo ak konsantman ekri ou. Men, Pati 2 a pèmèt nou divilge dosye pwoblèm itilizasyon sibstans ou yo san konsantman ekri ou sèlman nan sikonstans limite ki dekri anba a.

Itilizasyon ak Divilgasyon Otorize Dosye Twoub Itilizasyon Sibstans San Konsantman

- **Ijans Medikal:** Nou ka itilize oswa divilge dosye ou ki gen rapò ak twoub itilizasyon sibstans yo bay founisè swen sante lè sa nesèse pou reponn yon ijans medikal reyèl epi nou pa ka jwenn konsantman ekri ou davans, oswa lè sante ou ka an danje akòz yon erè nan fabrikasyon, etikèt oswa lavant yon pwodui anba kontwòl Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini ("FDA").
- **Òdonans Tribinal ak Pwosesis Obligatwa:** Nou ka divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo an repons ak yon òdonans tribinal espesyal ki konfòm ak egzijans 42 CFR Pati 2, Sou-pati E epi ki akonpanye pa yon sitasyon oswa yon manda legal menm jan an ki egzije itilizasyon oswa divilgasyon an.
- **Rechèch:** Nou ka itilize oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo pou rezon rechèch si nou detèmine youn oswa nenpòt konbinezon nan bagay sa yo se laverite:
 - Moun k ap resevwa enfòmasyon yo se yon antite ki anba pwoteksyon HIPAA oswa yon asosye biznis jan tèm sa yo defini anba HIPAA epi yo te jwenn yon otorizasyon pasyan oswa yo te egzante egzijans otorizasyon an anba HIPAA; oswa
 - Rechèch la fèt an akò ak règleman Depatman Sante ak Sijè Imèn sou pwoteksyon rechèch sou patisipan imen (45 CFR Pati 46); oswa
 - Rechèch la fèt an akò ak egzijans FDA yo konsènan pwoteksyon rechèch sou patisipan imen (21 CFR Pati 50 ak 56).
- **Aktivite Odit ak Evalyasyon:** Nou ka itilize ak/oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo pou aktivite odit oswa evalyasyon ki fèt sou non: nenpòt gouvènman federal, eta oswa lokal; nenpòt twazyèm pati ki peye oswa plan sante ki bay asirans pou pasyan ki nan yon pwogram Family First Health Pati 2; yon òganizasyon

amelyorasyon kalite oswa kontraktè yo; oswa nenpòt antite ki gen kontwòl administratif dirèk sou yon pwogram Family First Health Pati 2. Divilgasyon sa yo dwe fèt an akò ak egzijans 42 CFR Pati 2, Sou-pati D.

- **Sante Piblik:** Nou ka divilge dosye abi sibstans anonim ou yo pou rezon sante piblik bay yon otorite sante piblik dapre 42 CFR Pati 2, Sou-pati D.
- **Komisyon Krim:** Nou ka divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou bay lapolis si dosye ou yo gen rapò ak komisyon yon krim sou pwopriyete Family First Health, kont yon anplwaye Family First Health, oswa menas pou fè youn nan de sa yo. Nenpòt divilgasyon pou rezon sa a ap limite ak sikonstans ensidan an, non ou, adrès ou, ak dènye kote ou te ye a.
- **Abi/Neglijans sou Timoun:** Nou ka divilge dosye ou ki gen rapò ak twoub itilizasyon sibstans yo lè sa nesese pou rapòte ensidan sou abi oswa neglijans timoun yo sispèk bay otorite eta oswa lokal ki gen konpetans pou jere yo. Men, nou pa ka divilge dosye ou ki gen rapò ak twoub itilizasyon sibstans yo kòm pati nan okenn pwosedi sivil oswa kriminel kont ou ki ka soti nan yon rapò sou abi oswa neglijans timoun yo sispèk.

Itilizasyon ak Divilgasyon Ak Konsantman

Anplis itilizasyon ak divilgasyon ki anwo yo, nou ka sèlman itilize oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo ak konsantman ekri ou pou rezon ki dekri anba a:

- **An akò ak konsantman an:** Nou ka itilize ak/oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo bay yon moun oswa yon gwoup moun ou idantifye oswa deziyen nan konsantman ekri ou a, depi konsantman an pa oblije nou divilge dosye ou yo bay moun ki nan sistèm jistis kriminel la ak rejis santral yo ki pa bezwen enfòmasyon an. Pa egzanp, yon konsantman ka otorize nou pou divilge dosye twoub itilizasyon sibstans ou bay yon manm fanmi oswa yon zanmi.
- **Tretman, Pèman, oswa Operasyon Swen Sante:** Nou ka itilize ak/oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo pou tretman, pèman, oswa pou rezon operasyon swen sante, menm jan sa dekri anrapò ak enfòmasyon sante pwoteje ou yo. Lè dosye pwoblèm abi sibstans ou yo divilge bay yon lòt pwogram Pati 2, yon antite ki anba pwoteksyon an, oswa yon asosye komèsyal dapre konsantman ekri ou, pwogram Pati 2 sa a, antite ki anba pwoteksyon an, oswa asosye komèsyal sa a ka divilge yo tou san konsantman ekri ou jan sa otorize nan seksyon ki anwo a konsènan dwa ou yo anrapò ak enfòmasyon sante pwoteje ou yo. Anplis de sa, pou diminye kantite fòmilè konsantman ou dwe siyen, ou ka chwazi bay yon sèl konsantman pou tout itilizasyon ak/oswa divilgasyon dosye pwoblèm itilizasyon sibstans ou nan lavni nou ka fè pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante.
- **Pwosedi Sivil, Kriminel, Administratif:** Dosye tretman SUD yo resevwa nan pwogram ki soumèt anba 42 CFR pati 2, oswa temwayaj ki rapòte kontni dosye sa yo, pa dwe itilize oswa divilge nan pwosedi sivil, kriminel, administratif, oubyen lejislatif kont moun nan sof si li gen konsantman ekri, oubyen yon òdonans tribinal apre notifikasyon ak yon opòtinite pou moun nan oswa moun ki kenbe dosye a pou li pale, jan sa prevwa nan 42 CFR pati 2. Yon òdonans tribinal ki otorize itilizasyon oswa divilgasyon dwe gen yon avi pou parèt oswa yon lòt egzijans legal ki oblije moun divilge dosye a anvan yo itilize oswa divilge li.
 - Ak konsantman w oswa dapre yon òdonans tribinal, nou ka itilize ak/oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou an koneksyon ak nenpòt pwosedi sivil, kriminel oswa administratif ki fèt kont ou. Nenpòt konsantman pou itilize ak/oswa divilge dosye sou twoub itilizasyon sibstans nan yon pwosedi sivil, kriminel oswa administratif pa ka konbine ak yon konsantman pou okenn lòt rezon.
 - Dosye ou yo ap sèlman itilize oswa divilge dapre yon òdonans tribinal apre yo fin bay pasyan an oswa moun ki gen dosye a yon avi ak opòtinite pou l fè objeksyon; epi
 - Yon òdonans tribinal ki otorize itilizasyon oswa divilgasyon an dwe gen yon avi pou parèt oswa yon òdonans menm jan an ki fòse divilgasyon an anvan yo ka itilize oswa divilge dosye pwoblèm itilizasyon sibstans ou an.
- **Nòt Konsèy sou Twoub Itilizasyon Sibstans:** Nòt konsèy pou twoub abi sibstans se nòt yon founisè swen pou twoub abi sibstans oswa yon pwofesyonèl sante mantal pran pou dokimante oswa analize kontni yon konvèsasyon ak ou, kit se pandan yon konvèsasyon prive oswa yon seyans konsèy pou twoub abi sibstans an gwoup, ak de moun oswa an fanmi. Yo kenbe nòt sa yo separe ak dosye medikal ou a. Nou pa ka itilize ak/oswa divilge nòt konsèy sou pwoblèm abi sibstans san konsantman ekri ou eksepte nan sikonstans sa yo:
 - Itilizasyon pa founisè swen sante ki trete pwoblèm abi sibstans oswa pwofesyonèl sante mantal ki te kreye nòt konsèy pou tretman w lan;
 - Itilizasyon oswa divilgasyon Family First Health fè pou pwòp pwogram fòmasyon nou yo kote elèv, estajyè, oswa pratikan nan tretman twoub abi sibstans oswa sante mantal aprann anba sipèvizyon pou

pratike oswa amelyore konpetans yo nan konsèy pou twoub abi sibstans an gwoup, ak de moun, an fanmi oswa nan fason endividyèl;

- Itilizasyon oswa divilgasyon Family First Health fè pou defann tèt li nan yon aksyon legal oswa lòt pwosedi ou etabli kont li;
- An akò ak yon òdonans tribinal valab otorize pa 42 CFR Pati 2.

Dwa Pasyan yo

Nou angaje nou totalman pou asire ou okouran de dwa ou genyen konsènan dosye ou yo. Antanke pasyan nan yon Pwogram Family First Health Pati 2, ou gen dwa sa yo:

- A. Dwa pou mande restriksyon sou divilgasyon ki fèt ak konsantman davans pou rezon tretman, pèman, ak operasyon swen sante, jan sa prevwa nan 42 CFR § 2.26.
- B. Dwa pou mande ak jwenn restriksyon sou divilgasyon dosye yo bay plan sante pasyan an pou sèvis kote pasyan an peye tout pri a, menm jan ak 45 CFR § 164.522 aplike pou divilgasyon enfòmasyon sante pwoteje yo.
- C. Dwa pou jwenn yon lis divilgasyon dosye elektwonik sou pwoblèm itilizasyon sibstans pou 3 dènye ane yo, jan sa prevwa nan 42 CFR § 2.25.
- D. Dwa pou jwenn yon lis divilgasyon yon entèmedyè te fè pandan 3 dènye ane yo jan sa prevwa nan 42 CFR § 2.24.
- E. Dwa pou jwenn yon kopi papye oswa elektwonik Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a lè w fè demann lan.
- F. Dwa pou diskite sou Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a ak Responsab Konfidansyalite Family First Health la oswa moun li deziyen an.
- G. Dwa pou chwazi pou pa resewa kominikasyon pou ranmase lajan. Anplis de sa, Family First Health ka itilize ak/oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo pou pwòp pwogram ranmasaj fon Pati 2 li yo sèlman ak konsantman ou epi sèlman si yo ba ou yon opòtinite klè pou chwazi pou pa resewa kominikasyon pou ranmasaj lajan.
- H. Ou gen dwa pou revoke konsantman ekri ou a sof si nou te deja apiye sou konsantman ou epi nou te itilize ak/oswa divilge dosye pwoblèm abi sibstans ou yo.

VYOLASYON DWA SOU LAVI PRIVE

- Si ta gen yon vyolasyon enfòmasyon sante w nan Family First Health oswa nan youn nan Asosye Komèsyal li yo, y ap voye ba ou yon notifikasyon ekri pa pita pase 60 jou aprè Family First Health dekouvri vyolasyon an.
- Si ou gen kesyon oswa enkyetid epi ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon, ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite Family First Health la privacy@FamilyFirstHealth.org

PLENT

Si ou kwè yo vyole dwa ou sou lavi prive, ou ka depoze yon plent nan Biwo Konfidansyalite Family First Health la privacy@FamilyFirstHealth.org

Ou kapab tou depoze yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo Dwa Sivil nan hhs.gov/ocr/office/file/index.html

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini
200 Independence Ave.
SW Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

800-368-1019
TDD: 800-537-7697

Yon plent p ap afekte kalite swen n ap ba ou a ditou.

CHANJMAN NAN AVI SA A

Nou menm sèlman gen dwa pou chanje pratik nou yo epi pou fè nouvo dispozisyon antre an vigè pou tout enfòmasyon sou sante nou kenbe. Si pratik enfòmasyon nou yo chanje, n ap bay yon notifikasyon sou sit wèb nou an www.FamilyFirstHealth.org ak nan tout lokal Family First Health yo.

Pou Plis Enfòmasyon.

Si ou gen kesyon sou Avi sa a, ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite Family First Health laprivacy@FamilyFirstHealth.org.

Dat Avi a Antre an Vigè – MAS 2026